

RANGKUMAN MATERI BAHASA JAWA

1. Geguritan ing basa jawa diarani puisi
2. Geguritan yaiku puisi gagrag anyar sing bebas
3. Struktire geguritan ana 5 perangan, yaiku:
 - A. Tembung (dhiksi) bisa teges, lugu, lan entar.
Biasane nggawe tembung sing trep lan apik.
 - B. Larik (baris)
 - C. Pada (bait) yaiku kumpulan larik sing tumata
 - D. Uni (swara) kabangun saka purwakanthi lan wirama.
 - E. Surasa (makna).
4. Contoh geguritan:

Surya

Kang kamulyar madhangi Sang Pertiwi

Tansah jumedhul saka sisih wetan

Lan angslup sisih kulon

Nora cidra

Tansah nuhoni sabdaning Pandhita Pertiwi

Nalikane jumedhul agawe bungahing manah

Dadya sumbering kahuripan

Angslup surya

Tetep agawe padhanging pertiwi

Nora sambat

Nadyan dipawehi panyaruwe

Nora mban cindhe mban siladan

5. Sing kudu digatekake nalika maca geguritan:
 - A. Olah swara (intonasi, lafal)
 - B. Patrap (sikap, mimik)
 - C. Nyawiji
 - D. Saran

6. Pachelaton (dialog) ing basa Indonesia diarani percakapan.
7. Pachelaton antarane wong tuwo lan wong enom kuwi bedha.
8. Yen cecaturan karo wong tuwo kudu basa krama, nanging cecaturan karo wong enom nganggo basa ngoko.
9. Miturut undha usuk tata krama basa jawa kuwi di perang dadi 2:
 - A. Basa ngoko: ngoko lugu lan ngoko alus
 - B. Basa krama: krama lugu lan krama alus
10. Cerita fiksi yaiku karangan-karangan kang ora ana kasunyatanane, nanging diugemi dening masyarakat.
11. Miturut jenise, cerita rakyat cacahé ana 5, yaiku:
 - A. Mite: cerita rakyat dipercaya saka kedadeyan nyata lan dianggep suci
 - B. Legenda: cerita rakyat ngenani asal usul panggonan
 - C. Dongeng: cerita rakyat kang dipercoyo ara saka kedadeyan nyata
 - D. Sage: dongeng sing ngandhut unsur sejarah utawa kisah kepahlawanan
 - E. Fabel: dongeng kang tokohe arupa kewan
12. Contohe Tembung Saroja:
 - A. Tukar padu
 - B. Guyub rukun
 - C. Lara lapa
 - D. Edi peni
 - E. Mula buka
 - F. Undha usuk
 - G. Jalma manungsa
 - H. Gagah prakosa
 - I. Ijo royo-royo
 - J. Abang mbranang
 - K. Putih memplak
 - L. Ireng thunteng
 - M. Esuk umn-umun
 - N. Tepa slira
13. Sandhangan aksara jawa

Nama Sandhangan	Aksara Jawa	Keterangan	Nama Sandhangan	Aksara Jawa	Keterangan
Wulu	◌	tanda vokali	Wignyan	ꦗ	tanda ganti konsonan h
Suku	◌ꦸ	tanda vokalu	Cecak	◌ꦚ꧀	tanda ganti konsonan ng
Taling	◌ꦠꦶꦁ	tanda vokal é	Pangkon	◌ꦥꦁꦏꦺꦤ	tanda penghilang vokal
Pepet	◌ꦥꦺꦥꦺꦠ	tanda vokal e	Pêngkal	◌ꦥꦺꦁꦏꦏꦭ	tanda ganti konsonan ya
Taling Tarung	◌ꦠꦶꦁꦠꦂꦸꦁ	tanda vokal o	Cakra	◌ꦕꦕꦫ	tanda ganti konsonan ra
Layar	◌ꦭꦪꦂ	tanda ganti konsonan r	Cakra keret	◌ꦕꦕꦫꦏꦺꦠ	tanda ganti konsonan re

14. Tembung Entar

- A. Adus kringet = tandang gawe abot
- B. Dawa tangane = seneng nyolong
- C. Jembar segarane = gampang menehi pangapura marang liyane
- D. Gedhe endase = angkuh / sombong
- E. Cilik atine = ora percaya diri / minderan
- F. Rai gedhek = ora duwe isin
- G. Kandhel kupinge = ora iso dikandhani
- H. Medhot dalam = ora diterusake
- I. Tipis lambene = seneng nggunem marang wong liya
- J. Cak urip = kanggo nyukupi kabutuhan uripe

15. Purwakanthi yaiku tetembungan kang runtut karo tembung mburine ngenani bab swara:

- A. Purwakanthi guru swara:
 - a. Gemi setiti lan ngati-ati, desa mawa cara negara mawa tata.
- B. Purwakanthi Sastra:
 - a. Tata titi, tatas titis
- C. Purwakanthi Basa:
 - a. Jarwa pinter, pintere satriya ing pringgodani.